

## BAB V PANUTUP

Dina ieu bab, dipedar (1) kacindekan jeung (2) saran tina hasil panalungtikan kana buku carita Rusdi jeung Misnem karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja. Anapon dadaranana bisa katitén dina ieu pedaran.

### 5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan salah sahijina pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra barudak, hususna carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja ngaliwatan tiori struktural, étnopédagogik, jeung pangajaran dongéng pikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X. Métonde anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métonde déskriptif. Sedengkeun téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka/telaah pustaka, analisis data, jeung interprétasi data.

Téma anu katémbong dina carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja nya éta “ngudag atikan téh hiji hal anu utama sanajan kudu pisah jeung kolot tur adi anu dipikacinta”. Galur anu digunakeun dina éta carita nya éta galur mérélé, hartina pangarang dina nepikeun carita dimimitian ku bubuka, munculna konflik atawa pasualan, jeung ditutup ku solusi tina éta pasualan. Palaku dina éta carita kabagi ku palaku utama anu jadi palaku protagonis 2 palaku (Rusdi jeung Misnem), 3 palaku antagonis (bangsat, Bakri, jeung Salkam), 35 palaku panambah dina buku I, 45 palaku panambah dina buku II, 56 palaku panambah dina buku III, jeung 50 palaku panambah dina buku IV. Latar anu kapanggih dina éta carita ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Sacara gurat badag unggal kajadian lolobana dicaritakeun di imah Rusdi. Ari latar waktu ditémbongkeun ku waktu isuk-isuk, beurang, soré, jeung peuting. Sedengkeun latar sosial nu katémbong dina ieu carita ngawengku tilu hal saperti latar sosial handap, tengah, jeung luhur. Puseur panitén anu digunakeun ku pangarang dina éta carita nya éta caturan jalma katilu. Hartina, pangarang nempatkeun dirina salaku jalma anu aya di luareun carita. Ieu hal dicirian ku palaku utama anu kasebut ti mimiti nepi ka ahir carita.

Puspita Widyamulya, 2019

**STRUKTUR CARITA JEUNG AJÉN-INAJÉN ÉTNO-PÉDAGOGIK DINA BUKU CARITA ROESDI DJEUNG MISNEM PIKEUN BAHAN AJAR DONGÉNG DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ajén-inajén étnopédagogik anu ditalungtik nyoko kana moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, moral manusa dina ngudag lahiriah jeung batiniah.

Aya 12 dongéng dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja anu bisa dijadikeun alternatif bahan ajar dongéng di SMA kelas X. Judul dongéng anu kasampak dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* nya éta (1) Monyé maling kerepus, (2) Budak pahatu, (3) Bangkong jeung sapi, (4) ‘Mun teu kuat kudu pelit, (5) Leutik tapi pinter, (6) Juru Tani jeung Kudana, (7) Rék cilaka jadi untung, (8) Uyah, (9) Jaksa pinter, (10) Seungit jeung sora, (11) Nu ngabagikeun rangkét, jeung (12) Nu hadé haté. Tina 12 dongéng dicokot 3 dongéng pikeun bahan ajar nyaéta dongéng nu judulna “Bangkong jeung Sapi”, “Jaksa Pinter”, jeung “Nu hadé haté” kaasup kana dongéng sasatoan (fabel), dongéng jalma biasa (parabel), jeung dongéng pieunteungeun pikeun siswa jeung ngawangun karakter siswa.

## 5.2 Saran

Dumasar tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran.

- 1) Buku carita *Rusdi jeung Misnem* bisa ditalungtik leuwih jero deui ku tiori élmu sastra séjénna sabab di jerna ngagambarkeun kahirupan barudak di lingkungan sosial masarakat pilemburan jaman baheula. Caritana pinuh ku ajén nu luhung, kaasup ajén atikan karakter nu hadé. Ieu hal tangtu bisa dijadikeun salasihiji cara pikeun ngaronjatkeun karakter manusa ngaliwatan pangajaran.
- 2) Dina buku *Rusdi jeung Misnem* aya 12 dongéng anu bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra dina maca dongéng. Lian ti éta, aya ogé carita pieunteungeun anu bisa dipaké pikeun bahan ajar atikan karakter keur siswa.
- 3) Panalungtikan ngeunan sastra, utamana sastra barudak, kawilang masih kénéh langka. Ku kituna, dipiharep ka hareup bakal leuwih loba panalungtikan ngeunaan sastra barudak kalawan maké tiori-tiori séjén,

pikeun nambahan kabeungharan kasusastraan Sunda, hususna sastra barudak.

- 4) Perlu diayakeun deui buku bacaan sastra barudak anu ngagunakeun basa Sunda nu diwajibkeun di tiap tingkatan SD, SMP, jeung SMA sa-Jawa Barat.